

A photograph showing a doula from behind, wearing a grey t-shirt with "Doula" written on it. She has her hands on the back of a pregnant woman who is facing away from the camera. The pregnant woman is wearing a dark top. The background is softly lit.

Èske ou ansent?

Ou kapab jwenn avantaj
pou resevwa swen nan
men yon doula



Kisa von doula ye?

Yon doula se yon asistan pwofesyonèl matènèl, ki pran fòmasyon, li bay sipò ki pa medikal ak èd li nan koze akouchman pitit ou epi:

- Li ede w prepare ak reyalize plan akouchman pitit ou
- Li gide w epi sipòte w lè w gen tranche ak lè w ap akouche
- Li ede w bay tete pou tibebe ki fenk fèt epi li ede w pran swen li

Etid yo montre moun ansent ki pran sèvis nan men doula yo:

- Fè mwens tan ak tranche
- Gen mwens chans pou yo fè yon sezaryèn
- Akouchman souvan pase pi byen

Pou jwenn plis enfòmasyon, rele 311, ale sou sitwèb nyc.gov/health/doula oswa eskane kòd QR ki anba.



Materiyèl sa te rive kreye gras ak kolaborasyon Rezo Amelyorasyon Kalite Lopital Matènèl yo (Maternity Hospital Quality Improvement Network, MHQIN) ak Doula Capacity-Building Workgroup. Pou jwenn plis enfòmasyon sou MHQIN, ale sou nyc.gov/health epi chèche "Equity in Maternal Care" (Egalite nan Swen Matènèl).



NYC
Health